



Pou Piblikasyon Imedya: 19/02/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOJÈ RANPLASMAN PON 33.6 MILYON DOLA
OTOU ROUTE 11 ETAZINI AN AP DEWOULE KOUNYE A**

***Ranplasman pon yo te planifye pou Route 11 sou rivyè Oneida nan konte
Onondaga ak konte Oswego***

***Pwojè a pral pwolonje dire lavi epi redwi depans antretyen pou Pon Brewerton
lan***

***Amelyore eksperyans transpò pou otomobilis ki konekte Vil Cicero ak Vil
Hastings***

***Estrikti pon an se premye pon ki gen pout an trelis san gousè nan Eta Nouyòk ak
dezyèm pon ki gen pout an trelis san gousè nan nasyon an***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke travay yo pral kòmanse byento sou pwojè 33.6 milyon dola pou ranplase pon ki vyeyi a ki konekte Route 11 Etazini an sou Rivyè Oneida nan Vil Cicero, Konte Onondaga ak Vil Hastings nan Konte Oswego. Pon an sèvi kòm yon gwo koneksyon nò-sid atravè Vilaj Brewerton, ak yon estimasyon 13,000 otomobilis ki travèse li chak jou. Zòn ki antoure a — ki rich an istwa ak rekreyasyon — byen konsidere kòm yon kote popilè pou navigasyon, lapèch ak lòt aktivite ki baze sou dlo, epi li sèvi kòm yon episan enèjik pou restoran ak ti biznis yo. Akòz pwoksimite li ak Interstate 81, Route 11 bay aksè fasil nan Vil Syracuse ak kominote ki antoure REJYON Santral ak Nò Nouyòk pou rezidan yo ak vizitè yo.

"Eta Nouyòk te demontre angajman enkondisyonèl li pou l investi nan kominote yo atravè revitalizasyon enfrastrikti li yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pon Route 11 sou Rivyè Oneida nan Brewerton se yon koneksyon esansyèl ke nou dwe kenbe, epi pwojè sa a ki finanse pa eta a pral asire ke li rete an sekirite ak fyab kounye a ak alavni."

Konstwi an premye nan kòmansman 20èm syèk la, pon Route 11 la te ede fasilite komès ak vwayaj atravè Rivyè Oneida. Li te sibi travay reyabilitasyon enpòtan pandan ane yo: pi resamman an 1986. Plizyè lòt pwojè ki pi piti pandan de dènye deseni yo te adrese ti reparasyon nan pon an.

Yo prevwa ke nan sezon otòn 2026, nouvo pon an pral fini, epi sikilasyon yo pral deplase soti nan pon tanporè a rive nan nouvo pon an. Yo prevwa konstriksyon konplè pwojè a ap fini nan kòmansman ane 2027.

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta Nouyòk Marie Therese Dominguez te deklare, "Nouyòk Santral ap sibi yon transfòmasyon enkwayab, epi li enpòtan pou enfrastrikti transpò nou an pare pou jere kwasans san parèy sa a. Konsepsyon pon inovan sa a demontre angajman Gouvènè Kathy Hochul pou kreye yon rezo transpò ki an sekirite ak fleksib, ak karakteristik milti-modal estrikti a pral asire tout moun gen yon fason ki an sekirite pou yo rive nan atraksyon lwazi bò Rivyè Oneida, ki ede alimante ekonomi lokal la epi bay nouvo opòtinite pou kwasans rejon la."

Senatè Eta a, Christopher Ryan te deklare, "Investisman sa a nan pon Route 11 la se yon temwayaj sou angajman nou pou ranfòse enfrastrikti Nouyòk Santral la epi asire koneksyon ki an sekirite, fyab pou rezidan yo, biznis yo ak vizitè yo. Lè nou modènize pasaj enpòtan sa a, nou pa sèlman amelyore efikasite, men tou n ap sipòte kwasans ekonomik ak amelyore aksè ak opòtinite lwazi ak komèsyal ki fè reyon sa a dinamik anpil. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak NYSDOT pou angajman kontinyèl yo nan kad transfòmasyon enfrastrikti Nouyòk Santral la."

Manm Asanble Will Barclay te deklare, "Mwen kontan wè investisman y ap fè pou ranfòse enfrastrikti transpò Nouyòk Santral la. Ranplase Pon Route 11 la enpòtan anpil pou asire li fyab ak an sekirite pou 13,000 otomobilis ki depann de li chak jou. Pwojè sa a pral amelyore tou kapasite reyon an pou sipòte anpil rezidan ak vizitè ki vin nan zòn nan pou opòtinite navigasyon, lapèch, ak opòtinite lwazi li yo. Investisman sa a pral sèvi kominote a pou ane k ap vini yo, pou ankouraje alafwa sekirite ak kwasans ekonomik."

Manm Asanble Al Stirpe te deklare, "Anons Gouvènè Hochul jodi a ke pon Route 11 nan Brewerton pral ranplase klèman pwolonje angajman li pou investi ak amelyore enfrastrikti ak kominote yo nan Nò Eta a. Ranplase pon Route 11 la, ki anjanbe tou de bò Rivyè Oneida nan kè Brewerton, pral amelyore sekirite pou otomobilis, siklis ak pyeton yo. Sibvansyon NY Forward Brewerton ki fèk reyisi a ak anons jodi a rekonèt enpòtans kominote istorik nou yo epi rekonèt potansyèl ak avni anba lavil nou yo."

Rezilta yo prevwa pou Pwojè Ranplasman Pon an

Yo prevwa demolisyon pon ki egziste deja ap kòmans nan otòn sa a, apre yo fin deplase sikilasyon nan direksyon yon pon tanporè ki pral pèmèt sikilasyon nan sans inik yon fason altène. Yo pral enstale pano sikilasyon modènize yo nan apwòch nò ak nan sid pon tanporè a, ak kaptè deteksyon veyikil an plas pou ajiste tan datant otomobilis yo ki baze sou fliks sikilasyon an, sa ki pral redwi konsiderableman enpak sou vwayaj yo pou piblik la. Machin ijans yo pral itilize yon sistèm pwo-aktiv pou degaje pon tanporè a kont tout sikilasyon, sa ki pèmèt machin ijans yo travèse pon an san danje, jan sa nesèsè, epi san reta.

Lè sikilasyon an ap deplase sou pon tanporè ki gen yon sèl liy lan, konstriksyon premye pon ki gen pout san gousè nan Eta Nouyòk pral kòmanse, epi y ap konstwi nouvo estrikti a nan menm aliyman ak anprent ak pon ki deja egziste a. Yo lajman konsidere pon ki gen pout san gousè a kòm pi modèn ak efikas. Konsepsyon aktyèl la fè plak asye pon an, ki sitiye anba wout la, pi fasil pou drene dlo sale ak debri pandan mwa ivè difisil yo, pandan koneksyon ki nesèsè pou nouvo konsepsyon an sitiye anlè wout la, sa ki fè pon an vin fasilman pi aksesib pou ekip enspeksyon ak antretyen yo, sa ki ede nan prevansyon degradasyon ak dechiman, amelyore dirabilite, ak ekonomize lajan.

Pon dènye modèl la fèt pou yon dire sèvis 75 ane, men detay san gousè yo, konbine avèk yon pwoteksyon kouch metalize, ak swen woutin, pral pwolonje dire lavi li lwen odela de sa a. Konstriksyon pral gen ladan tou nouvo pilye pon an beton, sipò, ak yon tabliye an beton ki pral sipòte dirèkteman pa pout nan planche yo, sa k ap redui depans pou enspeksyon, antretyen ak ranplasman alavni.

Yo pral enstale akòtman estanda ki mezire 2.43 m (8 pye), ki bay espas pou veyikil ijans yo, veyikil moun ki andikape yo, ak ekipman nèj ak glas. Yo pral ranplase tou estrikti drenaj ki egziste deja yo ak tiyo pou anpeche drenaj ekseksif, epi sèvis piblik yo pral deplase atravè travès nouvo estrikti a, sa k ap elimine nesèsite pou prèske yon douzèn poto sèvis piblik, ki pral ede anpeche domaj ki pa nesèsè, epi kreye yon aparans ki pi senp.

Ogmantasyon twotwa ki mezire 1.5 m (5 pye) sou chak bò pon an ajoute opsyon pou transpò milti-modal epi optimize sante ak sekirite pyeton yo ak siklis yo, menm jan ak limyè dekoratif yo ap enstale sou apwòch pon an, ak nan pout ki pandye nan sant wout la, ki pral ede ogmante vizibilite.

Enfòmasyon sou Depatman Transpò

Se misyon Depatman Transpò Eta Nouyòk pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta Nouyòk.

Lavi yo andanje; ralanti epi mete nou sou kote pou travayè otowout yo!
Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [X](#), [anvan li te rele Twitter](#), oswa [Instagram](#), or vizite [sitwèb](#) nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon, rele 511, vizite [www.511NY.org](#) oswa telechaje aplikasyon mobil 511NY la gratis.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](#) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)